

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Masyarakat di wewengkon Kacamatan Sukabumi, Kabupaten Sukabumi, tepi ka kiwari masih ngalaksanakeun manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani. Manakiban téh mangrupa kagiatan atawa ritual maca téks *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani nu dipikawanohogésalaku Layang Séh atawa Wawacan Séh, nu ngamuat carita-carita ladeun jeung hal-hal nu dianggap ajaib tinapari polah Syéh Abdul Qodir Jailani. Salian ti dipuseurkeun di lingkungan pasantrén, manakiban dilaksanakeun ogé di lingkungan masyarakat umum. Husus di lingkungan pasantrén, nu ngalaksanakeun manakiban biasana mangrupa réréhan Tarékat Qadiriyyah Wa Naqsyabandiyah (TQN).

Manakiban dilaksanakeun dumasar kana sawatara udagan, kayaning ngenalkeun manakiban jeung muji Syéh Abdul Qodir Jailani. Salian ti éta, béh dieuna dipercaya salaku kagiatan numiboga pangaruh kuat dina kahirupan pribadi jeung sosial, salaku sarana pikeun tolak bala, ménta panyalindungan, jeung ngusir sabangsaning dedemit. Ku éta hal, manakiban Syéh Abdul Qodir Jailaniteu ukur dilaksanakeun dina méréling poéan wafatna Syéh Abdul Qodir Jailani (tanggal 11 Rabi'ul-Ahir), tapi dilaksanakeun ogé dina waktu-waktu nu tangtukayaning saméméh pestapertikahan atawa hitanan, nyieunimah, jeung mitembeyan usaha anyar.

Panalungtikan perkara *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani geus réa dilaksanakeun, umumna dipuseurkeun kana ulikan téks. Pamarekan nu digunakeunana karéréanana mangrupa pamarekan filologis jeung kritik téks. Ngaliwatan éta pamarekan, *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani ditalungtik museur kana pasualan asal-usul téks, basa nu digunakeunana, téma, strukturna, jeung ide-ide nu nyampak di jerona.

Aya deuih nu nalungtik *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani kalawan didadasaran ku paélmuan antropologi, salasahijina nyaéta Julian Patrick Millie (2006). Ngaliwatan pamarekan étnografi, Millie ngayakeun panalungtikan perkara manakiban kalawan museur kana prakték jeung wangun-wangun kabudayaan has nu jadi ciri hiji masarakat lokal, kayaning mitos, ritual, jeung idé-idé nu ngabédakeun jeung masarakat muslim lianna.

Dumasar kana pamarekan-pamarekan filologis, kritik téks, jeung étnografi, panalungtikan nu geus dilaksanakeun leuwih némbongkeun sisi budaya nu unik tina kagiatan maca *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani. Nalika aya ritual nu marengan, éta téks ukur ditalungtik ma'nana pikeun palaku nu ngalaksanakeun éta ritual. Gambaran perkara ajaran-ajaran normatif Islam jeung ma'na nu nyampak dina téks resmi *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani mah kurang panitén. Dina ieu panalungtikan, *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani ditalungtik téks jeung kontéksna. Gambaran perkara eusi téks nu ngawengku ajaran-ajaran normatif Islam jeung ma'na nu nyampakna ditalungtik dumasar pamarekan semiotik. Pon kitu deui gambaran kontéks nu marengan prak-prakanana kagiatan manakiban, ditalungtik ma'nana sacara semiotik deuih.

Leupas tina pasualan bid'ah atawa perlu henteuna ngalaksanakeun manakiban, *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani euyeub ku perkara-perkara nu bisa ditalungtik, boh sabudeureun téksna boh kagiatan ritualna. Ngungkab ajaran-ajaran normatif Islam jeung ma'na nu nyampak dina *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani mangrupa salasihiji tarékah nu bisa dilakonan enggoning nyanghareupan kondisi sosial kahirupan masarakat kiwari.

Kahirupan modern nu leuwih némbongkeun sipat-sipat matérialis-hédonistik jeung leuwih nekenkeun kana aspék lahir kiwari ngabalukarkeun gelarna konsép spiritual nu héngkér jeung nyirorotna aspék moral kamanusaan. Salian ti éta, manusa dina jaman kiwari nyanghareupan kanyataan séjén di sabudeureun agamana. Agama nu salila ieu dipiharep jadi solusi panghadéna enggoning ngungkulan pasualan-pasualan modérnitas, tétéla kiwari ngalaman pasualan internal nu kawilang samakta. Nurutkeun Maksum (1994:1), conto tina éta hal téh di antarana perkara mampuh-henteuna agama sacara réalitas ngasongkeun alternatif pikeun ngungkulan pasualan nu nyampak dina idiologi kapitalisme jeung sosialisme.

Dikasangtukangankuhal-halsakumahadipedar di luhur, ieupanalungtikandilaksanakeun. Panalungtikanpangpangnadipuseurkeun kana maluruhjeungnyusudkumahaesitéksjeungkontéksdinamanakibanSyéh Abdul Qodir Jailani, pangpangnasakumaha nu nyampak di wewengkonKacamatanSukabumi, KabupatenSukabumi. Ku étahal, ieupanalungtikandijudulan “*Manaqib*Syéh Abdul Qodir Jailanidi Kacamatan Sukabumi, Kabupaten Sukabumi: Ulikan Semiotik Téks jeung Kontéks”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina ieu panalungtikan, *manaqibSyéh* Abdul Qodir Jailani ditalungtikan kalawan dipuseurkeun kana téks jeung kontéksna. Ulikan téks museur kana déskripsieus jeung idé-idé nu nyangkaruk di jerona. Sedengkeun ulikan kontéks museur kana pasualan fungsi, alat nu marengan ritual, jeung sarat ngalaksanakeun manakiban. Pikeun ngungkab ma'na nu nyangkaruk dina téks jeung kontéks, ditalaahngunakeun ulikan sémiotik Pierce perkara tanda indéks.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- (1) Kumaha eusi *manaqibSyéh* Abdul Qodir Jailani di Kacamatan Sukabumi, Kabupaten Sukabumi?
- (2) Kontéks naon waé nu patali jeung manakiban *Syéh* Abdul Qodir Jailani di Kacamatan Sukabumi, Kabupaten Sukabumi?
- (3) Tanda indéks naon waé nu nyampak dina téks jeung kontéks *manaqibSyéh* Abdul Qodir Jailani di Kacamatan Sukabumi, Kabupaten Sukabumi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- (1) eusi téks *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani di Kacamatan Sukabumi, Kabupaten Sukabumi, patali jeung gambaran ajaran-ajaran normatif Islam;
- (2) kontéks nu patali jeung manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani di Kacamatan Sukabumi, Kabupaten Sukabumi; jeung
- (3) tandaindéks nu nyampak dina téks jeung kontéks *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani di Kacamatan Sukabumi, Kabupaten Sukabumi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Pikeun kapentingan tioritis, ieu panalungtikan dipiharep mangpaat pikeun:

- 1) ngabeungharan ulikan budaya Sunda, utamana anu patali jeung wangun budaya tradisi dumasar kana kahirupan kaagamaan;
- 2) nyadiakeun pedaran anu kompréhensif patali jeung prakték tradisi manakiban masarakat Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep mangpaat pikeun:

- 1) ngajembaran pangaweruh jeung sawangan hirup, utamana dina mekarkeun sikep leuwih taliti jeung réspansif kana parobahan sosial dina kahirupan masarakat.

- 2) bahan anu penting pikeun nyuprih ajén-inajén kamekaran kahirupan masarakat Sunda dina widang kaagamaan.
- 3) dijadikeun bahan pikeunngahontal perspektif anyar dina ulikan perkara kabudayaan Islam.
- 4) dijadikeun salaku alternatif bahan pangajaran sastra jeung agama Islam di sakola.

1.5 Wangenan Istilah

Sangkan écés, istilah anu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan didéfinisikeun dumasar kana watesan-watesan sakumaha ieu di handap.

1) *Manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani

Kecap *manaqib* mangrupa jama' tina *manqob* atawa *manqobah*, jeung *isim makan* tina *naqbun*. Sacara harfiah, *manaqib* téh hartina riwayat hirup. Sedengkeun manakiban hartina macakeun *manaqib* atawa riwayat hirup, biasana kalawan tujuan-tujuan nu tangtu. Téks *manaqib* nu biasana dibaca mangrupa riwayat hirup Syéh Abdul Qodir Jailani, nu sok disebut ogé Layang Séh atawa Wawacan Séh. Nurutkeun Badhawwy (2007:17), carita ngeunaan riwayat hirup, kapunjulan, kasoléhan, kamulyaan, jeung kaajaiban Syéh Abdul Qodir Jailani, karékam dina rupa-rupa téks kayaning: *Bahjah al-Asrar* karya Ali bin Yusuf al-Syattanaufi (w. 713/1314); *Ta'rikh al-Islam* karya al-Dhahabi (w. 1348); *Khulasah al-Mafakhir fi Ikhtisar Manaqib al-Syaikh Abd al-Qadir* karya 'Afifuddin al-Yafi'i (w. 1367); *Lujjayn al-Dani* karya Ja'far bin Hasan al-Barzinji (w. 1766); *Tafrikh al-Khatir* karya Muhammad Shadiq

al-Syihabi dan Abd al-Qadir bin Muhyiddin al-Arbili; jeung 'Uqud al-La'ali fi Manaqib al-Jayli. Téks *manaqibsok* disebut ogé Wawacan Séh atawa Layang Séh.

2) Ulikan Semiotik

Pierce (Isnéndés, 2010: 95-96) ngawincik tanda dumasar kana sipat dasarna, nya éta 1) *qualisign*, hartina tanda dumasar kana sipatna, 2) *sinsign*, hartina tanda dumasar kana wujudna dina kanyataan, jeung 3) *legisign*, hartina tanda anu diheueuhan. Salian ti éta, tanda dibédakeun ogé dumasar kana dénotatumna, ngawengku 1) ikon, mangrupa tanda anu teu gumantung kana dénotatum, tapi bisa dipatalikeun jeung objék anu sarua, 2) indéks, mangrupa tanda anu gumantung kana dénotatum, ngébréhkeun ayana hubungan kausal, jeung 3) simbol, mangrupa tanda anu patalina antara tanda jeung dénotatumna téh ditangtukeun, disapukan, jeung konvénsi balaréa.

3) Téks jeung Kontéks

Téks mangrupa ungkara basa nu gembleng sacara eusi, sintaksis, jeung pragmatik. Eusina nétélakeun sawangan atawa gambaran nu nyampak dina kahirupan. Éta sawangan atawa gambaran ditétélakeun dina wangun basa ngaliwatan caritaan atawa runtuyan kekecapan. Sacara sintaksis, téks mangrupa hiji gemblengan nu némbongkeun silipakaitna unsur-unsur tatabasa kalawan konsistén. Sedengkeun sacara pragmatik, téks patali jeung kumaha basa digunakeun dina kontéks nu tangtu. Téks dina wacana dipatalikeun jeung kontéks budaya (*context of cultur*), kontéks situasi (*context of*

situation), sarta kontéks référénsi (*context of reference*). Nurutkeun Sudaryat (2006:157-158), kontéks budaya ngagelarkeun rupaning téks (*genres of text*) nu digunakeun ku masarakat pikeun tujuan komunikasi, ngawengku sagemblengna kasang tukang kahirupan sosial budaya salaku jaringan sosial ékonomi. Kontéks situasi mangrupa kontéks nu mangaruhan rupaning pilihan panyatur basa, nu ngawengku puseur bahan (*field*), hubungan panyatur jeung pamiarsa (*tenor*), jeung saluran komunikasi nu digunakeun (*mode*). Sedengkeun kontéks référénsi patali jeung topik atawa puseur omongan. Dina ieu panalungtikan, téks téh nyaéta ungkara basa nu eusina nétélakeun sawangan atawa gambaran nu nyampak dina kahirupan tur ngagambarkeun fakta, sawangan, sikep, harepan, harti, jeung rupa-rupa informasi lianna. Sedengkeun kontéks nyaéta ciri-ciri alam luareun basa atawa lingkungan non-linguistik anu numuwuhkeun ma'na omongan atawa wacana, ngawengku kontéks budaya, situasi, jeung référénsi.

1.6 Struktur Organisasi Tésis

Hasil-hasil dina ieu panalungtikan disusun ngawengku lima bab kalawan strukturorganisisakumaha ieu di handap.

BAB I BUBUKA

Mertélakeun perkara kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, jeungstrukturorganisasitésis.

BAB II ULIKAN TIORI, ANGGAPAN DASAR, JEUNG RARAGA MIKIR

Dina ieubabdidadarkeun:

- 1) sajumlahing konsép poko anu dijadikeun tatapakan pikeun analisis masalah anu ditalungtik dumasar kana sajumlahing buku jeung bahan bacaan lianna salaku rujukan konsép jeung tiori:
 - ajén-inajéndinatradisikaagamaan
 - ritual manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani
 - téksjeungkontéks
 - semiotik
- 2) anggapandasarnu digunakeundinapanalungtikan.
- 3) raragamikir nu digunakeundinapanalungtikan.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieubabmertélakeun perkara métodepanalungtikan, téhnikngumpulkeun data, lokasipanalungtikan, sumber data, instruménpanalungtikan, narasumber, jeungproséduranalisis data.

BAB IV MANAKIBAN SYÉH ABDUL QODIR JAILANI DI KACAMATAN SUKABUMI, KABUPATEN SUKABUMI

Dina ieubab, didadarkeun hasil analisis data panalungtikan jeung pedaranana.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieubabdidadarkeunkacindekan tina hasil analisis anu dipedar dina bab saméméhna, jeung sawatara saran anu dianggap penting pikeun panalungtikan lianna.